

KONTESTASYON JIDISYÈ

VERIFIKASYON EVALYASYON TI REKLAMASYON (SMALL CLAIMS ASSESSMENT REVIEW, SCAR)

Verifikasyon Evalyasyon ti Reklamasyon an se yon pwosedi ki bay pwopriyetè yo yon opòtinite pou konteste yon evalyasyon yo te fè sou byen imobilye yo. Li se yon altènativ ki koute mwen chè epi ki pi enfòmèl pase lè yon tribinal evalye yon pwopriyete. Jan li detaye nan Seksyon 730 Lwa Taks sou Pwopriyete Imobilye a, pwopriyetè yo ka depoze yon petisyon nan tribinal la pou verifiye evalyasyon pwopriyete a devan yon konseye odyans pou yon frè \$30.

KIMOUN KI KA DEPOZE YON PETISYON SCAR?

Ou ka depoze yon petisyon SCAR si ou se pwopriyetè a epi w ap viv nan yon kay pou yon (1), de (2), oswa twa (3) fanmi moun itilize sèlman pou yo viv, oswa yon kondominyòm pwopriyetè a abite ladan ki kalifye sou klas taks 1.

KI DAT KI ENPÒTAN?

Ou fèt pou depoze petisyon ou a fas-a-fas nan dat 25 oktòb oswa avan sa, oswa ou ka voye li pa lapòs epi dat ki make sou anvlòp la dwe dat sa a oswa avan tou.

KISA PWOSEDI ATIK 7 YO YE?

Selon Atik 7 nan Lwa Taks sou Pwopriyete a, ou ka mande yon verifikasyon jidisyè sou evalyasyon pwopriyete ou a. Pou kòmanse pwosedi a, w ap bezwen depoze yon avi konsènan petisyon nan biwo grefyè konte a.

KISA AVANTAJ TAKS POU PWOPRIYETÈ (HOMEOWNER TAX BENEFITS, HTB) YE?

Avantaj taks pou pwopriyetè yo se egzanpsyon oswa rabè ki ka diminye taks sou pwopriyete ou.

- Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Aje (Senior Citizen Homeowners' Exemption, SCHE)
- Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki Andikape (Disabled Homeowners' Exemption, DHE)
- Egzanpsyon pou Veteran
- Egzanpsyon pou Viktim Krim Andikape ak Bon Samariten
- Egzanpsyon Klèje
- Rabè pou Koperativ ak Kondominyòm
- STAR Debaz oswa STAR Amelyore*

*Nouvo aplikan ki pa te gen STAR sou pwopriyete yo depi ane taks 2015-16, oswa ki te achte kay yo apre 15 mas 2015, dwe depoze aplikasyon yo ak Eta New York nan: www.tax.ny.gov/star.

KIJAN M AP FÈ KONNEN SI MWEN KALIFYE EPI KI KOTE MWEN KA JWENN APLIKASYON AN?

Pwopriyetè yo dwe depoze yon aplikasyon ak dokiman yo nan Depatman Finans (Department of Finance) nan: www.nyc.gov/ownerexemption

KI DAT KI ENPÒTAN?

Dat ki make sou anvlòp ou voye aplikasyon HTB a ak dokiman ki obligatwa yo dwe avan 15 mas pou avantaj yo ka kòmanse 1ye jiyè.

KONTESTASYON EVALYASYON PWOPRIYETE

Dwa ak Responsablite ou yo

BIWO REPREZANTAN KONTRIBYAB

nyc.gov/taxpayeradvocate

NYC

Department of Finance

OTA Property Assessment Appeals – Haitian Creole

SA POU OU FÈ SI OU KWÈ ENFÒMASYON KI BAY DESKRIPSYON NAN AVI VALÈ PWOPRIYETE (NOTICE OF PROPERTY VALUE, NOPV) CHAK ANE A PA KÒRÈK

Si ou kwè enfòmasyon ki bay deskripsyon (pa egzanp, sipèfisi an pye kare, klas bilding lan, elatriye) nan NOPV ou a pa kòrèk, ranpli fòm demann pou mete ajou (RTU) enfòmasyon sou pwopriyete ou ki nan: www.nyc.gov/updatepropertydata

KISA K AP PASE APRE MWEN DEPOZE YON APLIKASYON RTU?

Divizyon Pwopriyete nan Depatman Finans lan verifye aplikasyon RTU yo apre yo pibliye apèl evalyasyon tantativ la (15 janvyè) ak avan dènye apèl la (25 me). Chanjman nan enfòmasyon yo ka afekte estimasyon Depatman Finans la sou valè pwopriyete ou a nan mache a, menmsi yo gendwa pa afekte valè evalye yo kalkile taks ou yo.



SA POU OU FÈ SI OU KWÈ VALÈ YO BAY PWOPRIYETE OU NAN MACHE A PA BON

Ranpli fòm demann pou verifikasyon (RFR) valè pwopriyete ou a. W ap jwenn vèsyon elektwonik yo nan: www.nyc.gov/updatepropertydata

KISA K AP PASE APRE MWEN DEPOZE YON APLIKASYON RFR?

Divizyon Pwopriyete an verifye demann pou verifikasyon yo apre yo pibliye apèl evalyasyon tantativ la (15 janvyè) ak avan dènye apèl la (25 me). Y ap mete valè ki modifiye a nan dènye apèl la si RFR yo apwouve.

KISA “VERIFIKASYON” SIYIFI?

Verifikasyon se yon lòt opòtinite pou kontribyab yo fè Depatman Finans la evalye yon desizyon oswa rezilta.

KI DAT KI ENPÒTAN?

Ou dwe depoze aplikasyon pou verifikasyon ou a nan dat limit ki endike yo:

- Klas Taks 1: 15 Mas
- Klas Taks 2 & 4: 1ye avril*

*Lè dat sa a tonbe nan yon wikenn, dat limit la ap pwochen jou travay la. Pa egzanp, delè 2018 la se 2 avril.

ÈSKE MWEN KA VOYE FÒM NAN PA LAPÒS?

Telechaje epi voye aplikasyon RFR a la: www.nyc.gov/updatepropertydata

SA POU OU FÈ SI OU PA DAKÒ AK VALÈ EVALYE KI NAN NOPV OU A

Si ou pa dakò ak valè yo evalye pwopriyete ou a, ou ka konteste li devan Komisyon Fiskal Vil New York la.

KISA KOMISYON FISKAL VIL NEWYORK LA YE?

Komisyon Fiskal la se fowòm Vil New York la pou verifikasyon administratif endepandan evalyasyon taks sou pwopriyete imobilye Depatman Finans la etabli.

KISA KOMISYON FISKAL LA KA FÈ?

Komisyon Fiskal la ka redwi evalyasyon pwopriyete ou a, chanje klas taks li, oswa modifiye egzanpsyon ou yo.

KI FÒM MWEN DWE DEPOZE?

Pou aplike pou mande yo korije valè evalye ou a, itilize fòm sa yo:

- Klas Taks 1: Fòm TC108
- Klas Taks 2 oswa 4 (Pa pou Kondominyòm): Fòm TC101
- Klas 2 oswa 4 (Kondominyòm): Fòm TC109

Klike sou lyen sa a pou telechaje yo: www.nyc.gov/html/taxcomm

KI DELÈ KI ENPÒTAN?

Komisyon Fiskal la dwe resevwa aplikasyon ou pou korije valè evalye a avan:

- Klas Taks 1: 15 Mas
- Klas Taks 2 & 4: 1 Mas

Ou gendwa konteste refi aplikasyon pou egzanpsyon taks ou a nan yon delè 15 jou apre ou resevwa yon avi konsènan refi nan men Depatman Finans la.